



Sistèm sipò avèk plizyè nivo

Chè fanmi ak kòlèg,

Gen yon akwonim ou ka tande souvan sèjousi—nan salklas, nan konferans paran-pwofesè, nan devlopman pwofesyonèl estaf, ak plis lòt kote. Akwonim sa a se MTSS, epi li vle di Sistèm sipò avèk plizyè nivo (Multi-Tiered Systems of Supports, MTSS). Malgre MTSS gen yon tit long, li vle di yon bagay ki trè senp: chak elèv jwenn sa yo bezwen.

MTSS kòmanse avèk yon konpreyansyon apwofondi sou pwogrè elèv. Pwofesè analize plizyè done avèk anpil atansyon, ladan dyagnostik, evalyasyon, travay nan klas, ak plis ankò, pou idantifye elèv ki bezwen plis sipò ak ki tip sipò yo bezwen. Pa egzanp, pou lekti, yon elèv ka bezwen plis èd nan fonik, pou amelyore ladrès li, alòske yon lòt ka benefisye sipò vokabilè, pou konprann pi byen mo ki sou paj la.

Aprè sa, pou reponn bezwen inik sa yo, pwofesè bay chak elèv ansèyman espesifik—yo rele sa yon entèvansyon—pou yo ka pratike konpetans espesifik sa a, souvan nan ti gwoup.

Pandan ane lekòl la, pwofesè ajiste entèvansyon sa yo selon pwogrè elèv yo.

Anpil lekòl ap aplike MTSS depi lontan.

Men, [jan m te anonse sa dènyèman](#), kounye a n ap adopte yon apwòch pou tout sistèm lan pou MTSS nan kad NYC Reads. N ap etabli prensip pou MTSS atravè vil nou an, n ap di ki entèkansyon lekòl ta dwe itilize pou tout timoun—ladan elèv ki gen andikap ak elèv k ap aprann nan plizyè lang—gen eksperyans aprantisaj pèsonalize bon kalite siperyè.

Avèk MTSS, n ap asire elèv nou yo jwenn sa yo bezwen pou yo vin lektè konpetan byen devlope.

Nan kolaborasyon,

Melissa Aviles-Ramos

Chanselye

Atansyon espesyal Chanselye a:

Nan lekòl The Leadership and Community Service Academy nan Bronx, MTSS se yon efò kote tout moun patisipe. Tout estaf ede aplike MTSS, kit se lè yo fè entèkansyon oswa lè yo bay sipò ak lojistik. Lekòl la pwofite tout opòtinite pandan jounen an pou ofri otan entèkansyon nan ti gwoup posib, epi rezilta yo . Kòm yon elèv te di, “Mwen te amelyore nan chak chapit” gras ak gwoup lekti lekòl la.

Nonmen yon moun oswa yon pwogram pou Atansyon espesyal Chanselye a [la a](#).

Video aktyalite nou an:



Si w bezwen tradiksyon, tanpri ale sou paj [YouTube](#) nou an.

Pou jwenn aksès nan soutit ki tradui: Klike sou ikòn “CC”. Klike sou ikòn “Setting” epi chwazi “Subtitles/CC” (“soutit/CC”). Seleksyone “Auto Translate” (“Tradiksyon otomatik”) epi chwazi lang ou a.

Nouvèl ak resous NYCPS:

- Gade [opòtinite pou elèv mwa sa a](#) nan [The Morning Bell](#).
- Pou jwenn nouvèl ak resous anplis, suiv NYCPS sou entènèt nan [Facebook](#), [Instagram](#), [X](#), ak [YouTube](#).
- Men [videyo](#) Majistra Eric Adams pou semèn lan. Ou ka [anrejistre pou resevwa mizajou](#) ki soti dirèkteman nan biwo Majistra a.

Fanmi NYCPS: Si w pa vle resevwa bilten nouvèl sa a ankò, tanpri [retire non w sou lis](#).